# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रयागराज महाकुंभ के त्रिवेणी संगम में अबले चालीस करोड से बेसी सरधालु आस्था के डुबकी लगा चुकल हवें। हमरे संवाददाता बतवले हवें कि राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू क दस फरौरी के त्रिवेणी संगम में पवित्र अनुष्ठान में हिस्सा लिहले क सम्भावना हौ।

येह बिच्चे, केन्द्रीय सस्कृति मंत्रालय प्रयागराज महाकुंभ में आजु संझा एगो भव्य सास्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कइ रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***गंगा पंडाल में होने वाले इस आयोजन में श्रद्धालु आध्यात्मिक और सांस्कृतिक कला दोनों का आनंद उठा सकेंगे। इस कार्यक्रम में देशभर के प्रतिष्ठित कलाकार जैसे ओडिसी नृत्यांगना सोनल मानसिंह और डोना गांगुली के साथ–साथ कविता कृष्णमूर्ति, हरिहरन और सुरेश वाडकर जैसे प्रसिद्ध गायक महाकुंभ की शाम को मनोरंजक बनाएंगे। इसके अलावा विभिन्न भारतीय शास्त्रीय नृत्य और संगीत विधाओं के प्रतिष्ठित कलाकार भी महाकुंभ की शाम को संगीतमय बनाएंगे। दीपेंद्र कुमार आकाशवाणी समाचार प्रयागराज।***

राज्यसभा क उपसभापति हरिवंश नारायण भूपेंद्र पटेल के साथे कई गो जानल–मानल लोगि आजु महाकुंभ क्षेत्र क दौरा कइलें।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में, आवे वाले सरधालुअन क भारी भीडि के देखि के प्रयागराज जंक्सन पर आजु सबेरे आठ बजे से एकल दिसा मूवमेंट व्यवस्था, लागू कइ दीहल गइल हौ। येह नया व्यवस्था में जंक्सन पर प्रवेस खाली सहर की ओरि प्लेटफारम नम्बर एक से होई जबकि, निकासी खाली सिविल लाइन की ओरि से होई। अनारक्षित श्रेणी क यात्रियन के दिसावार यात्री आश्रय, के जरिये प्रवेस दीहल जाई जबकि आरक्षित श्रेणी क यात्री गेट संख्या पांच से प्रवेस करिहें। ओह लोगिन के गाड़ी अइले के आधा घंटा पहिलहीं प्लेटफारम पर अइले क अनुमति होई।

**********

आकाशवाणी क महानिदेसक डॉ. प्रज्ञा पालीवाल गौड आजु प्रयागराज क महाकुंभ नगर के सेक्टर चारि में आकाशवाणी के कैम्प कार्यालय क दौरा कइलिनि। येह दौरान उहां के आकाशवाणी क अधिकारियन अउर करमचारियन से बातचीत कइली अउर महाकुंभ दुइ हजार पचीस क पुरहर कवरेज बदे, कइल गइल इतिजाम क समीक्षा कइलीं।

**********

मिल्कीपुर विधानसभा सीटि पर पांच फरौरी के भइल उप चुनाव क मतगणना बिहने अजोध्या क राजकीय इंटर कॉलेज में भिन्नहीं आठ बजे से होई। अजोध्या क  मुख्य विकास अधिकारी कृष्ण कुमार सिंह आजु मतगणना के तइयारियन क जनकारी दिहलें।

***चौदह टेबल बनाई जाएंगी। दो आरओ एआरओ टेबल होएगी। एक और। तीन रिजर्व टेबल्स होंगे इसके अंदर। प्रत्येक टेबल के ऊपर चार कार्मिक होंगे। एक काउंटिंग सुपरवाईजर होगा, एक काउंटिंग असिस्टेंट होगा, एक माइक्रो आब्जर्बर होएगा और एक चतुर्थ श्रेणी कर्मचारी होएगा। इनको मतदान प्रक्रिया का द्वितीय रेंडमाइजेशन कंपलीट है। तृतीय रेंडमाइजेशन मतगणना की जो सुबह होता है पांच बजे वह कंपलीट किया जाएगा।***

मतगणना से जुडल सज्जो कार्मिकन के विकास भवन में आजु ट्रेनिंग दीहल गइल।

**********

श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ न्यास क सदस्य कामेश्वर चौपाल क काल्हि राति नई दिल्ली के एगो अस्पताल में सरगबास हो गइल। उहां के अड़सठ बरिस क रहली अउर लमहर समय से बेमार चलत रहलीं। उहां के बिहार राज्य के सुपौल जिला क रहवइया रहलीं। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये उनके सरगबास पर गहरा सोक जतवले हवें। मुख्यमंत्री कहलें हवें कि विश्व हिन्दू परिषद क केन्द्रीय उपाध्यक्ष, श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र न्यास क सदस्य अउर नौ नवम्बर ओन्नइस सौ नवासी के आयोजित इतिहासिक सिलान्यास समारोह में श्रीराम जनमभूमि मंदिर निरमाण क पहिला पत्थर रक्खे वाला राम भक्त कामेश्वर चौपाल क सरगबास अत्यन्त दुखद हौ। उनकर पूरा जिनगी धारमिक अउर सामाजिक कार के समरपित रहल हौ।

**********

उपभोक्ता कार्य विभाग आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस संचालित, राष्ट्रीय उपभोक्ता हेल्पलाइन–एनसीएच प्रणाली क स्थापना कइले हवे। ई प्रणाली सिकाइतिन क क्षेत्रवार बिस्लेसण देई। ई हेल्पलाइन कंज्युमर हेल्पलाइन डॉट जी ओ वी डॉट आई एन वेबसाइट चाहे टॉल फ्री नम्बर एक नौ एक पांच के जरिये सेवा चाहे उत्पादन से जुडल कउनों तरह क सिकाइति बदे उपलब्ध होई।

**********

प्रदेस में दस फरौरी के राष्ट्रीय कृमि मुक्ति दिवस मनावल जाई। एहमें एक से ओन्नइस बरिस ले क लइकन के पेट से कीड़ा निकरले क दवाई खियावल जाई। वाराणसी जिला में सरकारी, मान्यता प्राप्त स्कूलन, निजी स्कूलन अउर मदरसन क सिक्षकन से दवाई खियवले में सहजोग लिहल जाई। उहां के मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर संदीप चौधरी डॉक्टर संदीप चौधरी बतवलें कि पांच सालि तक ले क आंगनबाड़ी केन्द्र में पंजीकृत लइकन के आंगनबाड़ी केन्द्रन पर जबकि ओन्नइस सालि तक ले क अउरियो लइकन के उनके स्कूलन में दवाई खियावल जाई।

**********

बलिया जिला में दस फरौरी से पचीस फरौरी से पचीस फरौरी ले स्वास्थ्य विभाग क टीमि लक्षित इलाकन में घरे–घरे जा के फाइलेरिया से बचाव क दवाई खियइहें। ओइजा क मुख्य चिकित्सा अधिकारी विजय पति द्विवेदी बतवलें कि सर्वजन दवाई सेवन एमडीए अभियान के तहत जिला में करीब पांच लाख एक्कइस हजार से बेसी लोगिन के दवाई खियवले क लक्ष्य हौ।

**********